

# PA RETE TANN. FÈ PREVANSYON KONT **PLON.**

**KÒMANSE  
APATI FEVRIYE 2021**

**aplikab pou kay  
lwaye ki gen 1-2  
apatman.**

## ÈSKE KAY KOTE W LWE A AN SEKIRITE?

SELON LWA SOU PREVANSYON TIMOUN KONT PWAZÒNMAN PLON NAN NYC, MÈT KAY YO DWE ENSPEKTE EPI REPAIRE TOUT DEGA PLON KAPAB KOZE.

Apati Fevriye 2021, lwa sa a ap aplikab pou kay lwaye ki gen 1 ak 2 apatman prive.



**Penti ki fèt ak plon se rezon prensipal pifò moun konnen ki lakoz timoun pwazonnen nan plon; timoun sa yo kapab vale pousyè oswa kal penti plon ki soti nan fènèt ak planche yo.**

Yo te entèdi moun sèvi ak penti ki fèt ak plon nan kay yo an 1960, donk lwa minispal yo kwè kay ki te konstwi anvan ane sa kapab pentire ak penti a plon. Men, jeneralman yo konn jwenn li anba kouch nouvo penti san plon yo. Si kouch penti san plon ki kouvri penti a plon an pa degrade, penti ki fèt ak plon ki anba a p ap parèt. Kouch penti ki dekale oswa ki yon kote ki domaje oswa ki nan yon espas ki toujou ap fwote ak yon lòt bagay, tankou pòt ak fenèt, kapab fè penti a plon an parèt, sa ki ka fè penti a fè pousyè ak kal ki vin reprezante yon danje, espesyalman pou timoun.




**Selon Lwa sou Prevansyon Timoun kont Pwazònman Plon nan NYC (Lwa Lokal 1 nan 2004), mèt kay lwaye yo dwe enspekte epi repaire tout dega plon kapab koze, sinon y ap gen pwoblèm ak lalwa epi peye amann.**

Chak ane, mèt kay lwaye ki fèt anvan 1960 yo dwe itilize yon avi anyèl pou wè si gen yon timoun 6zan k ap viv nan apatman nan etablisman an oswa toujou rete nan kay

**LEAD  
FREE  
NYC**

**NYC**  
Department of  
Housing Preservation  
& Development



la pandan 10 èdtan oswa plis chak semèn. Nan apatman sa yo ak lòt kote nan etablisman an, tankou anba mach eskalye yo, nan koulwa a, nan antre a, mèt kay yo dwe vin enspekte epi repare chak ane tout dega penti a plon kapab koze. Anplis de sa, lè gen yon lokatè ki kite kay la epi anvan yon lòt lokatè vin rete nan kay la, mèt kay yo dwe fè yon travay konplè pou rezoud pwoblèm penti a plon an. Mèt kay yo dwe bay nouvo lokatè a yon avi ki di yo te fè yon travay konplè nan kay la. Finalman, tout moun ki rete nan kay lwaye yo dwe fè tès plon penti a jiska Out 2025, oswa anvan sa si gen yon timoun ki vin ret nan kay la. Tout dosye ki gen travay konplè sa yo dwe rete prezève pou pi piti 10 zan.



### **Mèt kay yo dwe kontakte pwofesyonèl ki sètifye nan penti a plon ak prensip sekirite sou travay.**

Mèt kay yo dwe kontakte pwofesyonèl ki gen sètifikasyon Ajans Federal sou Pwoteksyon Anviwònman an pou fè travay ki kapab degrade penti a plon an. Kalite sètifikasyon ak lè yo egzije pwofesyonèl la kapab depann de si gen yon timoun ki gen mwens pase 6zan nan kay la, kantite penti ki kapab degrade, si travay la ap fèt akòz yon vyolasyon nan yon ajans minisipal, oswa kalite travay k ap fèt la. Lwa sou Prevansyon Timoun kont Pwazònman Plon an mande pou gen tès ki fèt pou konfime pa gen pousyè plon ki rete nan kay la apre yon pwofesyonèl fin fè travay li. Kopi sètifikasyon anplwaye sa yo fè pati dosye ki dwe rete prezève yo. Mèt kay yo kapab jwenn anplwaye ki sètifye lè yo ale sou sit entènèt [epa.gov/lead](http://epa.gov/lead).



## **BEZWEN ÈD?**

Si ou pa ka repare oswa retire risk ki gen nan penti a plon nan kay ou lwe a, gen sibvansyon ak èd ki disponib pou sa. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt [www.hud.gov](http://www.hud.gov).

**Ale sou sit entènèt [nyc.gov/leadfree](http://nyc.gov/leadfree) pou jwenn enfòmasyon konsènan responsabilite ou genyen pou fè prevansyon kont plon epi jwenn èd ki disponib pou ou.**



**LEAD  
FREE  
NYC**



**NYC**  
Department of  
Housing Preservation  
& Development